

## Règleman Èd Finansye

### **Apèsi**

Boston Children's Hospital (BCH) pran angajman pou l tounen yon resous pou timoun ki bezwen swen. Boston Children's Hospital (BCH) bay èd finansye dapre Règleman Èd Finansye a pou pasyan ki kalifye yo ki bezwen èd pou peye pou swen ijans oswa swen medikal ki nesèsè yo resevwa.

### **Disponibilite Èd Finansye\***

Ou ka anmezi pou resevwa èd finansye pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè nan Boston Children's Hospital (BCH) si ou pa gen pwoteksyon swen sante epi si ou pa kalifye pou pwoteksyon swen sante. Tanpri sonje gen kèk sèvis eksklizyon ki jeneralman pa kalifye pou èd finansye.

### **Kijan pou w Aplike pou Èd Finansye**

Boston Children's Hospital (BCH), atravè konseye finansye li yo, pral ede pasyan/garan yo atravè pwosesis aplikasyon pou èd finansye. Konseye finansye yo pral ede pasyan/garan Boston Children's Hospital (BCH) ak doktè fondasyon li yo pou aplike pou pwogram piblik yo, tankou Medicaid, MassHealth, ConnectorCare, ak Health Safety Net ak/oswa èd finansye BCH. Yo pral mande moun k ap chèche èd finansye yo pou ranpli yon Aplikasyon pou Èd Finansye epi soumèt dokiman sipò pou verifikasyon.

### **Kondisyon pou Kalifye**

Si revni ou ansanm ak/oswa garan ou a se nan oswa pi ba pase 400% direktiv federal povrete yo, epi ou se yon rezidan legal nan Massachusetts, Connecticut, Maine, New Hampshire, Rhode Island, Vermont oswa New York (eksepte zòn metwopolitèn New York), ou ka kalifye pou èd finansye. Okenn moun ki elijib pou èd finansye dapre Règleman Èd Finansye a p ap peye plis pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè pase kantite lajan ki jeneralman faktire bay moun ki gen pwoteksyon plan sante pou swen sa yo. Si w gen pwoteksyon swen sante oswa lòt finansman ki disponib pou peye pou swen ou, ou ka pa kalifye pou èd finansye. Tanpri, al gade nan règleman konplè a pou jwenn yon eksplikasyon ak detay konplè.

### **Kikote pou w Jwenn Enfòmasyon**

Gen plizyè fason pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis detèminasyon èd finansye a, oswa pou w jwenn kopi Règleman Èd Finansye, Aplikasyon pou Èd Finansye, ak Règleman Kredi ak Kolèk Dèt, gratis.

- Telechaje enfòmasyon yo sou entènèt nan [www.childrenshospital.org/financialassistance](http://www.childrenshospital.org/financialassistance)
- Mande enfòmasyon yo alekri nan kourye lapòs oswa vizite Sant Sèvis Finansye Pasyan (Patient Financial Services Center) nan 300 Longwood Avenue, Boston, MA, Farley Building room 165.
- Mande enfòmasyon lè w rele Sipò Kliyan Sèvis Finansyè pou Pasyan (Patient Financial Services Customer Support) nan (617) 355-3397.

Règleman Èd Finansye a, Rezime Èd Finansye nan yon langaj ki fasil pou konprann, Aplikasyon pou Èd Finansye, ak Règleman sou kredi ak kolèk dèt yo disponib nan plizyè lang.

\* Règleman Èd Finansye Boston Children's Hospital la pa aplike pou Boston Children's Health Solutions, Rx, LLC d/b/a Boston Children's Pharmacy oswa nenpòt atik Boston Children's Health Solutions, Rx, LLC d/b/a Boston Children's Pharmacy ofri.